

PAJ ENFÒMASYON PWOJÈ KONSTRIKSYON

DEPATMAN TRANSPOTASYON NAN FLORID



State Road (S.R.) 852/County Line Road soti nan lwès nan blòk NW 1700 riven nan NW 2 Avenue

Nimewo Idantifikasyon pwojè a: 447826-1-52-01

GID FDOT

FDOT pran angajman pou li asire enfastrikti Eta a sèvi abitan, biznis, ak vizitè pou reponn a bezwen yo genyen nan kesyon transpò kounye a epi pi devan. Men kèk nan pwèn kle yo: Kominote, pwoteksyon moun, rezistans, chèn livrezon, teknoloji, ak devlopman mendèv. Men avantaj pwojè sa a:

KOMINOTE

Amelyore ranp twotwa yo

SEKIRITE

- Amelyore siyal machin ak pyeton, siy, ak mak sou azfat yo

REZISTANS

Ranplase jwenti pon ki egziste deja sou pon NW 215 Street/County Line Road ki pase anlè Florida Turnpike la.

CHÈN LIVREZON

- Reyasfalte ak dekalte liy yo pou prezève lavi sèvis wout la

TECHNOLOGY

- Amelyore bouton pou siyal pyeton yo nan NW 13 Court, NW 7 Avenue, ak blòk NW 1700 nan 215 Street/County Line Road.

DEVLOPMAN MENDÈV

- Pwojè sa a kreye opòtinite pou kontraktè yo, sa ki bay benefis ekonomik pozitif pou travayè yo ak kominote a

ENFÒMASYON SOU WOUT KAP FÈMEN YO

Wout ak twota yo pral fèmen pandan lè ki ga gen anpil blokis nan jou ki pa gen evènman.

Lè ki pa gen anpil blokis yo se:

- 9 p.m. jiska 6 a.m., chak lendi jiska jedi
- 11 p.m. jiska 9 a.m., chak vandredi ak dimanch
- 10 a.m. jiska 3 p.m., chak lendi rive vandredi

Aksè pou biznis ak rezidans yo ap rete disponib. Enfòmasyon sou wout kap fèmen ap afiche chak semèn sou sit entènèt depatman an,

www.southflroads.com.



MEN SA NOU DWE ATANN

Y ap fè travay yo etap pa etap pou sa pa twò deranje moun nan zòn nan. Wout kap fèmen tanporèman yo ka afekte trafik la pandan lè ki pa gen anpil blokis ak jou ki pa gen evènman yo. Y ap afiche siy ki byen klè nan tout lòt wout detou pou machin pase. Y ap kite wout pou moun ki antre soti nan pwopriete ki nan zòn nan.

ORÈ

janvye 2026 - Otòn 2026

PRI KONSTRIKSYON AN

\$2.3 milyon dola

ZÒN PWOJE YO

Vil Miami Gardens
Konty Miami-Dade

Avi: Li posib pou dat yo chanje.

TOUJOU METE SEKIRITE AN

PREMYE

Pou sekirite ou ak sekirite lòt moun, tanpri pran prekosyon lè ou ap kondwi machin, lè ou ap mache osinon lè ou ap pase sou bekan nan zòn konstrikasyon yo. Pou nouvèl sou sikilasyon, ale sou: www.fl511.com.

KONTAKTE

FDOT Consultant Community Outreach Specialist
Aliyah Gomez | Aliyah.Gomez@dot.state.fl.us | 786-774-9714

SWIV NOU

MyFDOT_Miami

MyFDOTMiami

SOUTHFLROADS.COM

Eskane kòd QR sa a pou dènye nouvèl sou pwojè a.

